



DIREKTIV BIWO CHERIF LA

NIMEWO DIRECTIV. 18-001	DAT EMISYON 09/04/2018	DAT LI AN ANTRE AN VIGÉ 09/04/2018	NIMEWO PAJ 1 nan 13
OTORITE Errol D. Toulon, Jr., Ed.D., Cherif		SIYATI 	
SIYATI 2 – GID JENERAL			
CHAPIT 2 – KOMINIKASYON AK RAPÒ			
SEKSYON 470 – SÈVIS ASISTANS LANG			

I. ISTWA

N/A

APLIKABILITE

Tout anplwaye biwo cherif la

II. OBJEKTIF

Objektif direktiv sa a se pou etabli gid pou komunikasyon efikas ak moun ki gen konpetans limite nan anglè (LEP) epi pou bay aksè alè ak siyifikatif nan sèvis Biwo Cherif Konte Suffolk la.

I. POLITIK.

Sa a pral politik Biwo Cherif la, Konte Suffolk, N:Y. pou pran tout dispozisyon rezonab pou bay moun ki gen konpetans limite nan anglè aksè alè epi siyifikasyon nan sèvis ak benefis Biwo Cherif la bay nan tout pwogram biwo a patwone. Tout anplwaye Biwo Cherif la dwe bay sèvis asistans lang gratis bay chak grenn moun ak konpetans limite nan anglè yo rankontre oswa chak fwa yon moun ak konpetans limite nan anglè mande sèvis asistans lang. Anplwaye biwo cherif la pral enfòm sitwayen yo sèvis asistans lang yo disponib gratis pou moun ak konpetans limite nan anglè yo epi anplwaye biwo yo ap bay moun sa yo sèvis sa yo.

II. REFERANS YO.

- A. Tit II Lwa 1990 sou Ameriken ki andikape yo.
- B. Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la.

III. DEFINISYON.

- A. **Bileng** - vle di kapasite pou itilize de lang ak metriz.
- B. **Entèpretasyon** - vle di aksyon pou koute yon kominikasyon nan yon lang epi konvèti li aloral nan yon lòt lang pandan w ap kenbe menm siyifikasyon an.
- C. **Kowòdonatè Aksè Lang [LAC]** - vle di Administratè Cherif la deziyen kòm Kowòdonatè (LEP) ki responsab pou kowòdone ak egzekite tout aspè sèvis Biwo Cherif la pou moun ak konpetans limite nan lang anglè.
- D. **Tablo Idantifikasyon Lang (SCSO-349)** - refere ak tablo ki ekri nan plizyè lang diferan ki pèmèt moun ak konpetans limite nan anglè yo idantifye lang prensipal yo lè yo montre yon lang ki enprime sou yon kat.
- E. **Sèvis liy lang (languageline)**- sa vle di sèvis entèpretasyon telefonik pandan 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn ki bay aksè ak entèprèt ki gen kapasite pou entèprete ak tradui plis pase 200 lang.
- F. **Konpetans Anglè limite** - sa vle di moun ki gen lang prensipal ki pa anglè epi ki gen yon kapasite limite pou li, ekri, pale oswa konprann anglè. Moun ak konpetans limite nan anglè yo ka konpetan nan kèk kalite kominikasyon (egzanp, pale oswa konpreyansyon), men yo toujou rete ak konpetans limite nan anglè pou lòt rezon (egzanp, li oswa ekri). Menm jan an tou, deziyasyon moun ak konpetans limite nan anglè yo espesifik pou kontèks la: yon moun ka gen ase konpetans nan lang anglè pou fonksyone nan yon anviwònman, men konpetans sa yo ka ensifizan nan lòt sitiyasyon.
- G. **Lang prensipal** - refere ak lang matènèl yon moun oswa lang yon moun kominike ak plis efikas ladan li. Anplwaye biwo cherif la dwe evite fè sipozisyon sou lang prensipal yon moun. Anplwaye biwo cherif la dwe fè tout efò posib pou detèmine lang prensipal yon moun pou asire yon kominikasyon ki efikas.
- H. **Entèprèt Biwo Cherif la Otorize [SAI]** - sa vle di yon anplwaye Biwo Cherif la, ki pale yon lòt lang ki pa Anglè, ki gen otorizasyon pou entèprete pou lòt moun.
- I. **Lis Entèprèt Biwo Cherif la Otorize [Lis SAI]** – Sa vle di yon lis anplwaye Biwo Cherif la ki gen yon nivo konpetans nan lang epi cherif la otorize pou yo aji kòm entèprèt.
- J. **Ofisye ki prete sèman** - sa vle di yon Ofisye Koreksyon ak/oswa yon Cherif Adjwen.
- K. **Tradiksyon** – Sa vle di konvèti yon tèks ekri nan yon lang nan yon tèks ekri ekivalan nan yon lòt lang.

VII. RÈG AK RÈGLEMAN.

Lè yo pa te fè okenn arestasyon, yon Ofisye ki prete sèman pa dwe mande enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon yon moun.

VIII. EVALYE POPILASYON LEP LA AK BEZWEN LENGISTIK YO.

- A. Anplwaye biwo cherif la, ki gen ladan, men pa sèlman, moun ki responsab repatisyon sekirite piblik, ofisye ki la pou koreksyon, cherif adjwen, investigatè, ak pèsonèl sivil, ka antre an kontak ak moun LEP yo lè y ap travay nan sant koreksyonèl yo, lè y ap reponn ak investigatè sou krim, lè y ap ede piblik la nan telefòn ak nan rankont enfòmèl. Biwo cherif la dokimante kontak sa yo lè l sèvi avèk rapò ensidan yo, anrejistreman repatisyon asistans òdinatè, depozisyon ak deklarasyon, ak lòt fòm ak rapò pwotokòl biwo cherif la ak lalwa mande.
- B. Moun LEP yo idantifye lang sa yo kòm sis lang ki pi souvan pale nan Konte Suffolk: *Panyòl, Chinwa Mandarin, Polonè, Italyen, Pòtigè ak Kreyòl ayisyen.*
- C. Pou asire tout rezidan yo resevwa menm nivo sèvis, Biwo Cherif la pral amelyore ak/oswa aplike mezi sa yo:
1. Yo dwe afiche siyal nan tout pwen antre piblik nan eedifis ak enstalasyon Biwo Cherif la nan lang ki pi souvan pale yo ki fè konnen entèprèt disponib gratis pou moun LEP ki bezwen rapòte yon krim oswa pou nenpòt lòt biznis ofisyèl ki gen rapò ak Biwo Cherif la.
 2. Biwo Cherif la idantifye dokiman sa yo kòm "dokiman vital". Dokiman sa yo pral enkli nan yon liv enfòmasyon, "Biwo Cherif Konte Suffolk ou a", ki pral disponib nan sis lang ki mansyone pi wo a epi yo pral konsève nan tout edifis ak enstalasyon piblik Cheriff yo ak sou sit entènèt Biwo Cherif la.
 - a. Konsèy sou Dwa (SCSO-172)
 - b. Rapò Enfliyans Alkòl/Dwòg (SCSO-114)
 - c. Lèt polivalan nan fourye (SCSO-215)
 - d. Otorizasyon pou fè rechèch (SCSO-121)
 - e. Aplikasyon pou Enskripsyon pou Pwojè Sovelavi (SCSO-341)
 - f. Enstriksyon pou aplikasyon pou Pwojè Sovelavi (SCSO-340)
 - g. Fòm Demann libète ak Kosyon (SCSO CF-104)
 - h. Pwosedi libète ak Kosyon - Òdonans Pwoteksyon (SCSO CF-105)
 - i. Gid Vizitè Etablisman Koreksyonèl (SCSO CF-239)
 - j. Avi sou Restriksyon pou Vizitè Prizonye yo (SCSO CF-115)
 - k. Fòm rekonesans paran yo
 - l. Manyèl Prizonye.

3. Biwo Cherif la pral kenbe tablo idantifikasyon lang nan tout etablisman piblik Cherif la ak nan tout machin ajans yo.
4. Lyen yo ap disponib sou sitwèb Biwo Cherif la nan sis lang ki anwo yo.

IX. RESOUS POU SÈVIS ASISTANS LANG AK NOTIFIKASYON PIBLIK

- A. Pwogram Aksè nan Lang LAC administre.
- B. Telefòn espesyal doub oswa telefòn ki kapab fè konferans pou jwenn aksè ak sèvis entèpretasyon nan liy lang yo sitiye nan pwen kote pèsonèl biwo cherif la kominike avèk piblik la oswa ki bezwen entèraksyon detaye ak moun ki nan prizon.
- C. Yo bay Sipèvizè Adjwen Cherif yo telefòn selilè yo ak nimewo Liy Lang yo pwograme pou bay Cherif Adjwen yo aksè ak sèvis entèpretasyon lang sou teren an.
- D. Afiche byen pano miltilang pou enfòmè moun LEP yo sou disponiblite sèvis entèpretasyon gratis la.
- E. Biwo Cheriff la distribye tablo idantifikasyon lang bay tout anplwaye yo pou ede yo bay sèvis pou moun ki gen LEP.
- F. Biwo Cheriff la afiche tablo idantifikasyon lang nan lokal Biwo cherif ki aksesib piblikman pou ede yo bay moun LEP sèvis lapolis yo.
- G. Biwo Cheriff la poste plizyè atik sou sitwèb li a ki tradui nan lang etranje, tankou enfòmasyon konsènan rankont piblik/lapolis, prevansyon krim, ak vyolans domestik.
- H. Nan ka analfabetis oswa lang kote materyèl ekri yo pa te tradui, yo pral li fòm ak dokiman sa yo bay moun LEP yo nan lang prensipal yo atravè yon SAI oswa Liy Lang ki disponib.

X. ENTÈPRÈT BIWO CHERIF LA OTORIZE.

- A. Kondisyon yo.
 1. Nenpòt anplwaye Biwo Cherif la ki aplike pou enskri nan lis SAI dwe founi yon notifikasyon alekri bay Chèf Estaf la, pandan l ap sèvi ak yon fòm rapò estanda (SCSO-65S/CF-6S) bay Ofisye kòmandan anplwaye a, sou konpetans oto-identifye anplwaye a nan lòt lang ki pa anglè.
 - a. Chèf Pèsonèl la dwe kenbe yon envantè tout konpetans lang anplwaye yo identifye nan biwo cherif la.
 - b. Chèf Pèsonèl la dwe enfòmè LAC anplwaye ki mande pou yo mete yo sou lis konpetans nan lang.
 2. Evalyasyon konpetans

- a. LAC a dwe pwograme, jan sa nesesè, yon evalyasyon sou konpetans entèprèt la atravè kontra ki deziyen an pou anplwaye sa yo k ap chèche entegre sou Lis SAI la.
 - b. Evalyasyon sou konpetans entèprèt la ta dwe gen ladan, men pa limite ak, kritè sa yo:
 - (1) Metriz nan lang anglè ak nan lang yo te teste entèprèt la.
 - (2) Konesans tèminoloji debaz ki fè respekte lalwa.
 - (3) Presizyon Entèpretasyon an.
 - (4) Koute atantif.
 - (5) Konsèvasyon Enfòmasyon.
 - (6) Kapasite pou suiv enstriksyon yo.
 - (7) Wòl entèprèt la ak konsiderasyon etik
 - c. Y ap mete anplwaye ki reyisi jwenn sètifika entèprèt sou lis SAI a.
 - d. Anplwaye ki pa kapab jwenn sètifika entèprèt yo ta dwe notifye LAC epi yo ka pwograme yon evalyasyon konpetans nan lang.
 - (1) Anplwaye ki reyisi jwenn sètifika konpetans nan lang yo pral deziyen kòm "asistan/ofisye/anplwaye bileng" pou lang yo teste yo.
 - (2) Anplwaye ki pa ka jwenn yon sètifika konpetans nan lang ap elijib pou yon lòt egzamen, selon diskresyon LAC.
3. Reyevalyasyon bisenyèl - LAC a dwe pwograme tout reyevalyasyon bisenyèl pou chak anplwaye ki sou Lis SAI la ak chak "Adjwen/Ofisye/Anplwaye Bileng."
- a. Y ap retire yon SAI ki pa pase re-evalyasyon an nan lis SAI la.
 - b. Yon "asistan/ofisye/anplwaye bileng" ki pa pase reyevalyasyon an p ap deziyen ankò kòm "bileng".
 - c. Anplwaye ki pa pase reyevalyasyon an ap elijib pou yon re-egzamen selon diskresyon BAC.
4. Sètifikasyon tradiktè- Yon SAI ki vle jwenn sètifikasyon adisyonèl kòm yon tradiktè dwe mande yon evalyasyon LAC a pwograme.
- a. LAC dwe pwograme, jan sa nesesè, yon evalyasyon tradiktè atravè founisè kontra yo deziyen an.
 - b. Y ap deziyen SAI ki pase evalyasyon tradiktè a kòm yon "tradiktè" sou lis SAI a.

- c. LAC dwe bay yon reevalyasyon chak ane pou chak anplwaye deziyen kòm yon "tradiktè". Y'ap anile tit "tradiktè" a pou chak Anplwaye ki pa pase reevalyasyon an.

B. Lis SAI.

1. LAC a dwe konpile, kenbe, revize epi distribye Lis SAI a.
2. LAC a dwe asire yon kopi Lis SAI ki pi resan an voye epi konsève nan Biwo Kominikasyon an kote li dwe disponib pou nenpòt sipèvizè.

- C. Yon anplwaye ki bay yon sèvis entèpretasyon oswa tradiksyon dwe fè sa nan pi bon kapasite li, selon nivo konpetans li. Si, nenpòt lè pandan y ap bay sèvis yo, anplwaye a detèmine nivo konpetans yo pa ase pou fè sèvis la, li dwe imedyatman chèche asistans yon lòt entèprèt/tradiktè oswa kontakte sipèvizè yo pou ede l jwenn yon lòt entèprèt. / tradiktè.

XI. UTILIZASYON ENTÈPRÈT BIWO CHERIF LA OTORIZE.

- A. Yo dwe itilize yon SAI nan tout sitiyasyon kote ki gen nesese pou yon kominikasyon klè epi efikas. Sitiyasyon kote prezans yon SAI ka nesese yo enkli, men se pa sa sèlman:

1. Konsèy sou dwa.
2. Rezèvasyon prizon an.
3. Pwosesis arestasyon an.
4. Entèvyou.
5. Entèwogatwa.
6. Denonse yon krim.
7. Deklarasyon.
8. Klas/Reyinyon Tribinal La rekòmande.

B. Sikontans Egzijan.

1. Anplwaye Biwo Cheriff la dwe suiv pwosedi ki anba yo; sepandan, sikontans egzijan yo ka mande kèk devyasyon. Nan sitiyasyon sa yo, anplwaye yo dwe itilize sèvis entèprèt tanporè ki pi fyab ki disponib, tankou:

- a. Yon espektatè bileng, enkli zanmi ak fanmi moun LEP a.

(1) Anplwaye Biwo Cherif la ki sèvi ak kalite entèprèt tanporè sa yo dwe konsidere en premye konpetans aparan entèprèt yo chwazi a nan lang sous ak lang sib yo, epi yo dwe konsidere tou nenpòt patipri aparan, nenpòt enterè pèsonèl oswa nenpòt pwoblèm konfidansyalite ki poze sou itilizasyon yon entèprèt tanporè patikilye.

(2) Anplwaye Biwo Cherif la k ap itilize sèvis entèprèt tanporè sa yo responsab pou devlope ak poze tout kesyon yo. Nan okenn sikontans, yo p ap pèmèt yon entèprèt tanporè entèvyouve yon moun LEP poukont li.

(3) Anplwaye biwo cherif la ta dwe evalye konduit entèprèt tanporè a pandan entèpretasyon an epi yo dwe atantif ak siy move entèpretasyon tankou:

(a) Lè deklarasyon entèprèt la konsiderableman pi long oswa pi kout pase deklarasyon moun LEP a.

(b) Lè entèprèt la angaje nan plizyè konvèsasyon ak moun LEP a oswa anplwaye Biwo Cheriff la.

(c) Lè moun ki LEP a sanble fristre oswa li chwazi pale yon anglè apwoksimatif malgre tout efò entèprèt la fè.

(4) Anplwaye Biwo Cherif la ki ta detèmine yon entèprèt tanporè an patikilye gen yon move pèfòmans oswa konpwomèt yon lòt fason dwe sispann pran sèvis entèprèt sa a.

2. Dire ijans lan - Lè sikonstans ki te lakòz ijans lan fini, anplwaye Biwo Sheriff la dwe detèmine si gen yon bezwen kontinye pou sèvis entèpretasyon an.

a. Si pa gen okenn lòt entèpretasyon ki nesèsè, anplwaye yo ta dwe revize kontni entèpretasyon an pou presizyon ak sifizans.

b. Si kontni entèprèt tanporè a bay la pa konplè, li pa kòrèk oswa konpwomèt yon lòt fason, oswa si bezwen pou sèvis entèpretasyon an depase peryòd ijans lan, anplwaye Biwo Cherif la ta dwe itilize lis Sal la oswa sèvis liy lang la.

C. Sikonstans ki pa egzijan - Anplwaye Biwo Cherif la ta dwe evite rele fanmi, zanmi oswa moun k ap gade pou entèpretasyon. Yo ta dwe itilize fanmi, zanmi ak moun k ap pase yo nan yon anviwònman ki pa gen konfwontasyon, epi sèlman pou jwenn enfòmasyon debaz jan moun LEP a mande l. Depandans sou fanmi, zanmi, oswa moun ki te asiste pou entèprete pi lwen pase jwenn enfòmasyon debaz nan men moun LEP a ka lakòz yon vyolasyon konfidansyalite, konfli enterè, oswa move entèpretasyon. Eksepte nan yon ijans, anplwaye yo pa dwe itilize timoun minè pou bay sèvis entèpretasyon.

1. Anplwaye Biwo Cherif la ki bezwen sèvis entèpretasyon pral eseye idantifye lang prensipal moun LEP a, lè l sèvi avèk yon tablo idantifikasyon lang si sa nesèsè, epi mande yon SAI apwopriye atravè yon demannyo oswa Biwo Kominikasyon an. Si yon SAI pa disponib, y ap kontakte sèvis liy lang la.

2. SÈVIS LIY LANG.

A. Tout anplwaye Bi Cherif la gen aksè ak sèvis an Liy Lang la pandan 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn. Liy Lang la ofri sèvis entèpretasyon nan plis pase 200 lang diferan. Yo enstale telefòn ki gen doub ki fèt pou itilize pou kominike atravè sèvis Liy Lang nan kote sa yo

1. Antre prensipal enstalasyon Biwo Cheriff la nan Riverhead.

2. Antre Anplwaye Sipò yo nan etablisman Yaphank la.

3. Antre pou vizitè nan de etablisman koreksyonèl yo.
4. Seksyon Klasifikasyon nan de etablisman Koreksyonèl yo
5. Zòn detansyon nan de enstitisyon koreksyonèl yo.
6. Inite medikal nan de etablisman koreksyonèl yo.
7. Sal odyans disiplinè nan de enstitisyon koreksyonèl yo.
8. Inite Lopital Sant Medikal Bay la.
9. Biwo Administrasyon Santral.
10. Biwo Tribinal Distrik yo.
11. Biwo Egzekisyon.
12. Biwo Vyolans Domestik.
13. Biwo Envèstigasyon Kriminèl.

B. Pwosedi sèvis liy lang la.

1. Jwenn otorizasyon nan men yon Sipèvizè.
2. Rele 1-800-523-1786
3. Antre nan telefòn taktil la oswa bay reprezantan an:
 - a. Nimewo idantifikasyon kliyan an: 902092.
 - b. Non Òganizasyon an: Biwo Cherff Konte Suffolk.
4. Chwazi lang ou vle a:
 - a. Peze "1" pou Panyòl.
 - b. Peze "2" pou tout lòt lang epi di non lang lan lè yo mande li.
 5. Si w bezwen asistans, peze "0" oswa rete sou liy lan pou w konekte ak yon reprezantan.
 6. Yon entèprèt pral konekte nan apèl la.
 7. Enfòmè entèprèt la sou fòm yon rezime, sou nati enfòmasyon w ap eseye kolekte oswa transmèt.
 8. Ajoute LEP a sou liy lan.
 9. Lè w fin itilize liy lang la, di bay entèprèt la "end of call".

10.. Ranpli epi soumèt yon Fòm suivi Entèpretasyon an (SCSO-348) an akò ak XVIII ki anba a.

XIII. APÈL POU SÈVIS KI ENPLIKE MOUN LEP.

- A. Eseye detèmine lang prensipal moun LEP a. Pou fè sa, moun ki responsab pou fè repatisyon an ka kontakte liy telefonik lang lan oswa yon anplwaye bileng.
- B. Moun ki responsab pou fè repatisyon an ta dwe fè tout efò posib pou voye yon cherif Adjwen ki pale panyòl nan apèl sèvis la lè li parèt pati ki enplike yo se LEP ki pale Panyòl.
1. Nan ka ijans, yo dwe voye premye ranplasan ki disponib nan apèl la. Imedyatman yon sipleyan ki pale Panyòl vin disponib, yo pral voye li nan apèl la.
 2. Lè pa gen asistan ki pale Panyòl ki disponib oswa lè pati LEP yo pale yon lòt lang ki pa panyòl, asistan k ap reponn apèl la ap kontakte Liy Lang la pou asistans pou entèpretasyon nan telefòn: depi sou teren an.

XIV. ENVÈSTIGASYON KRIMINÈL KI ENPLIKE MOUN LEP.

- A. Moun LEP ki sijè ak nenpòt ankèt kriminel dwe entèvyouve ak/oswa kesyone pa yon SAI (ofisye sèman sèlman) oswa yon ofisye bileng ki prete sèman. Si pa gen okenn SAI (ofisye asèmante sèlman) oswa ofisye bileng ki prete sèman ki disponib, yo dwe itilize liy lang la.
- B. Sèlman yon ofis ki prete sèman oswa yon ofisye bileng ki prete sèman ki gen dwa eksplike moun LEP yo nan lang natif natal yo tout pwosedi investigasyon yo ak tout fòm epi rapò. Si pa gen okenn SAI (ofisye ki prete sèman sèlman) oswa ofisye bileng ki prete sèman ki disponib, yo dwe itilize liy lang la.
- C. Deklarasyon Ekri LEP a.
1. Yo dwe prepare nan lang prensipal LEP a pa yon SAI (ofisye asèmante sèlman) oswa yon ajan bileng ki prete sèman.
 2. Yo dwe mande moun LEP a pou li deklarasyon an epi ofisye ki SAI a (ofisye asèmante sèlman) oswa ofisye bileng ki prete sèman ki ap pran deklarasyon dwe detèmine si moun ki LEP a kapab konprann deklarasyon an.
 - a. Si moun LEP a pa kapab konprann deklarasyon an lè li li l, yon SAI (ofisye asèmante sèlman) oswa yon ofisye bileng ki prete sèman dwe li deklarasyon an nan lang prensipal yo.
 3. Yo pral mande moun LEP pou li siyen deklarasyon alekri a nan lang prensipal li sèlman apre li fin endike li konprann epi bay akò li.
 4. Ofisye asèmante k ap fè deklarasyon an dwe atache yon deklarasyon sou sèman ki sètifye yo te suiv chak etap ki anwo yo.

D. Tradiksyon anglè deklarasyon alekri LEP a.

1. Yon tradiktè biwo cherif la, yon SAI oswa yon anplwaye bileng la dwe tradui deklarasyon orijinal alekri a.
 2. Tradiksyon an dwe tache ak deklarasyon orijinal ekri a.
 3. Tradiktè Biwo Cheriff la, SAI a oswa anplwaye bileng la dwe atache yon deklarasyon sou sèman ki sètifye ke yo te suiv chak etap ki anwo yo.
 4. Yo p ap mande moun LEP a siyen tradiksyon anglè deklarasyon an.
- E. Pouswit jidisyè - Yo dwe bay biwo pwokirè distri a oswa ajans pouswit jidisyè konsène a, deklarasyon orijinal Moun LEP a ansanm ak nenpòt tradiksyon anglè ak afimasyon ki akonpaye yo.
- F. Non-konfòmite, nan nenpòt pwoblèm patikilye, ak kondisyon ki nan Direktiv sa a pa dwe, pou kont li, pou anpeche itilizasyon nenpòt deklarasyon kòm prèv nan yon pwosedi penal. Detèminasyon sa yo ap kontinye fèt dapre lalwa konstitisyonèl federal ak eta a, lalwa ak jirispidans ki aplikab.

XV. DEKLARASYON ALEKRI PLENYAN LEP A, VIKTIM AK TEMWEN YO.

- A. Lè sa posib, pwosedi ki nan lis XIV. C., yo dwe suiv yo y ap pran deklarasyon alekri nan men moun ki pote plent, viktim yo ak temwen LEP yo.
- B. Si yo pa kapab ekri deklarasyon an nan lang prensipal moun LEP a:
1. Yon anplwaye SAI oswa yon anplwaye bileng dwe ekri deklarasyon an nan lang anglè epi li dwe tradui li vèbalman bay moun LEP a nan lang prensipal li..
 2. Yo pral mande moun LEP a sèlman pou l siyen deklarasyon an apre li fin endike ke li konprann epi bay akò li.
 3. Deklarasyon an dwe akonpaye ak yon deklarasyon sou sèman ki idantifye anplwaye a (yo) ki te ekri deklarasyon an an anglè epi tradui vèbalman bay moun LEP a nan lang prensipal li.
 4. Si yo refere ka a bay lajistis, yo dwe bay biwo pwokirè distri a oswa ajans lajistis ki konsène deklarasyon ekri ak deklarasyon sou sèman an.

XVI. SÈVIS TRADIKSYON.

Lè Biwo Cherif la resevwa korespondans nan yon lang ki pa anglè, korespondans sa a ap tradui an Anglè. Biwo Cherif la pral voye ak/oswa reponn tout korespondans alè.

XVII. SÈVIS POU MOUN KI PA TANDE BYEN.

- A. Anplwaye Biwo Cherif la dwe rete konsyan sou kèk pwosedi yo dwe swiv lè yo antre an kontak ak yon moun ki pa tandè byen, kit se kòm viktim, temwen, sispèk, yon moun

yo arete oswa prizonye. Yo itilize divès kalite èd kominikasyon, ki rele èd oksilyè, pou kominike ak moun ki tande byen. Èd oksilyè yo enkli jès oswa èd vizyèl pou konplete kominikasyon oral, itilizasyon yon blòk nòt ak enstriman ekriti pou fè echanj nòt ekri, ak itilizasyon yon entèprèt lang siy.

- B. Yo ka detèmine kalite èd la dapre metòd kominikasyon nòmal moun ki gen pwoblèm pou tande ak nati, enpòtans ak dire kominikasyon an.
- C. Nan anpil sikonstans, kominikasyon oral ki konplete ak jès epi èd vizyèl, oswa echanj nòt ekri yo pral yon mwayen efikas pou kominike ak moun ki pa tande byen. Sepandan, yo ka bezwen yon entèprèt ki kalifye pou lang siy ak yon moun ki gen pwoblèm pou tande, sitou lè w ap patisipe nan yon ankèt ki pi apwofondi oswa yon entèvyou.
- D. Si yon anplwaye pa ka detèmine ki fòm èd oksilyè ki pi apwopriye, li dwe chèche asistans nan men yon entèprèt ki kalifye pou lang siy.
- E. Entèprèt lang Siy - Konte a te fè yon kontra ak Sèvis Entèprèt Sign Talk, LLC pou bay sèvis entèpretasyon lang siy pou moun ki soud ak moun ki pa tande byen. Entèprèt lang siy yo pral nan sèn ensidan an oswa nan biwo cherif la pou fasilite kominikasyon an. Anplwaye Biwo Cheriff la kapab itilize sèvis sa a 24 sou 24, sèt jou pa semèn. Biwo cherif la pa oblije gen okenn ekipman espesyal pou itilize sèvis sa a. Anplwaye yo ta dwe premyeman rele SignTalk nan 718-382-2020 epi suiv enstriksyon vokal yo. Epi, anplwaye yo dwe konekte sou sitwèb yo nan <http://www.signtalk.org> epi ranpli demann sèvis la sou sitwèb la

XVIII. KONDISYON POU RAPÒ.

Anplwaye Biwo Cherif la ki sèvi ak yon SAI, yon anplwaye bileng, tradiktè oswa youn nan sèvis entèpretasyon ki gen kontra yo pral ranpli yon fòm pou suiv entèpretasyon (SCSO-348) epi soumèt fòm sa a bay LAC pou li antre nan baz done suivi biwo cherif la.

XIX. SIVEYANS AK KONFÒMITE.

- A. LAC a responsab pou kowòdone ak enplemanste Plan Aksè Lang Biwo Cherif la. Travay sa yo pral enkli, men pa limite ak sèlman:
 1. Evalye done demografik, revize done sou itilizasyon kontra sèvis aksè lang ak fòmilè suivi entèpretasyon an (SCSO-348) pou detèmine bezwen kominote a ki toujou ap chanje. Biwo Cherif la dwe sèvi ak enfòmasyon yo rasanble yo pou detèmine ki chanjman ak modifikasyon yo dwe fè, ki dokiman yo deziyen kòm vital ak nan ki lang yo dwe tradui. Revize tout done ki disponib yo ak detèmine sis lang ki pi komen ki pa anglè yo rankontre nan Konte Suffolk pral gide Biwo Cherif la nan evalyasyon nesosite pou tradui dokiman Biwo Cherif la nan lòt lang ak/oswa bezwen pou sèvis entèpretasyon adisyonèl.
 2. Konsilte òganizasyon kominotè yo chak ane pou detèmine si gen lòt lang kote yo dwe tradui dokiman enpòtan yo .

3. Revize nouvo dokiman, fòm ak rapò Biwo Cherif la kreye epi evalye nesosite pou tradwi yo nan lòt lang ki pa Angle
4. Kenbe lis SAI la.
5. Biwo Afè Entèn yo pral revize ak reponn tout plent ki gen rapò ak aksè nan lang. Biwo Afè Entèn yo pral revize tou tout plent Biwo Cherif la resevwa nan yon lang ki pa anglè pou detèmine si gen nenpòt pwoblèm sistemik ki kache.
6. Si yon anplwaye nan Biwo Cherif la panse yon SAI, anplwaye bileng oswa yon tradiktè ap afiche yon konpòtman ki pa etik, tankou ajoute oswa omisyon mo, fraz oswa kontèks, ki anpeche yon moun LEP konprann, anplwaye sa a pral imedyatman rapòte enfòmasyon sa yo bay sipèvizè imedya li sou yon fòm rapò estanda. Yo pral voye korespondans sa a bay cherif la atravè chèn sipèvizè imedya a, kote y ap pran yon desizyon konsènan deziyasyon anplwaye a kòm yon SAI, anplwaye bileng oswa tradiktè.
7. LAC a pral reprezante Biwo Cherif la nan patenarya ak lidè kominote Latino ak lidè lòt kominote ki gen gwo popilasyon LEP pou asire efikasite aplikasyon Plan Aksè Lang Biwo Cherif la.

XX. FÒMASYON.

Y ap bay tout ofisye ki asèmante ak anplwaye sivil ki gen kontak regilye ak piblik la premye fòmasyon ak fòmasyon peryodik sou direktiv sa a.

A. NIMEWO (YO) REFERANS ESTANDA AKREDITASYON.

B. NYSLEAP - N/A.

C. NYSSA CAP - N/ A.

XXI. ENDÈKS

Sèvis pou moun ki pa tande byen 2-2/470

Konpetans Anglè Limite:

Evalyasyon Popilasyon LEP ak Bezwen Lang 2-2/470

Apèl pou Sèvis ki enplike moun LEP 2-2/470

Ankèt kriminel ki enplike moun LEP 2-2/470

Sèvis Liy Lang 2-2/470

Siveyans ak Konfòmite 2-2/470

Kondisyon pou Rapòte 2-2/470

Resous ki deziyen pou Sèvis Sipò Lang ak Notifikasyon Piblik
2-2/470

Entèprèt Biwo Cherif la otorize 2-2/470

Fòmasyon 2-2/470

Sèvis Tradiksyon 2-2/470

Itilizasyon Entèprèt Biwo Sheriff la Sètifye 2-2/470

Deklarasyon alekri plenyan, viktim ak temwen 2-2/470

FEN